



Pou Piblikasyon Imedya: 5/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ ECHANJÈ KEW GARDENS KI POTE TRANSFÒMASYON KI KOUTE 739 MILYON DOLA NAN QUEENS**

*Pwojè milti-faz la amelyore koridò ke yo vwayaje sou li anpil la, amelyore aksè nan ayewopò JFK, ogmante sekirite, epi avanse objektif klimatik anbisye yo*

*Ranfòse rezistans klimatik a avèk drenaj dlo lapli ki amelyore sou wout yo*

*Ankouraje transpò milti-modal ak chemen pou itilize pataje pou pyeton ak siklis yo*

*Wè videyo konsènan pwojè a [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman pwojè 739 milyon dola Echanjè Kew Gardens (Kew Gardens Interchange) nan Queens, sa ki make konklizyon yon reyalizasyon Eta New York ki gen plizyè faz pou amelyore koridò banlye sa a ke yo vwayaje sou li anpil la. Pwojè transfòmasyon a te adrese yon kantite defi kle ki soti nan defisyans estriktirèl ak operasyonèl ansyen enfrastruktir a, ki montre kouman yon konsepsyon ki plis estratejik ak vizyonè bay solisyon ak maksimize benefis yo pou piblik la.

"Transfòmasyon echanjè enpòtan sa a tou pre youn nan pi gwo ayewopò New York yo se dènye reyalizasyon nan kad efò nou pou modènize rezo transpò eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Renovasyon konplè Echanjè Kew Gardens lan pral bay yon rezo wout ki pi an sekirite, ki gen mwens anbouteyaj - sa k ap amelyore eksperyans vwayaj pou prèske 600,000 otomobilis chak jou, amelyore kalite lavi, epi ranfòse ekonomi rejyonal la pou dè deseni k ap vini yo."

Echanjè Kew Gardens amelyore a pèmèt tan vwayaj ki pi rapid, fizyon ak sòti ki pi an sekirite, ak koneksyon ki pi fyab pou dè santèn milye pasaje, vwayaj ak biznis lokal ki itilize li chak jou pou rive nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy ak lòt destinasyon kle yo toupato reyon an. Li prezante 22 nouvo pon, twa pon reyabilite, liy vwayaj ki pi laj, nouvo konfigirasyon liy wout, sinyalizasyon ki ajou, drenaj dlo lapli amelyore, ak yon nouvo chemen itilizasyon pataje ki dedye pou pyeton ak siklis yo.

Amelyorasyon sa yo ak lòt ansanm bay plis sekirite ak rezistans pou tout itilizatè yo nan Queens ak nan kominote ki ozalantou yo.

Echanjè Kew Gardens lan se entèseksyon konplèks ki ant Grand Central Parkway lan, Van Wyck Expressway lan, Jackie Robinson Parkway lan ak Union Turnpike, ki ap desèvi plis pase 600,000 veyikil pa jou. Nan tan pase, gwo defisyans nan tout echanjè a te kontribye nan anbouteyaj ak to aksidan ki pi wo pase mwayèn. Apre yon bon evalyasyon, Depatman Transpò Eta New York la te konkli ke yon reyalizasyon solid ak konplèks te nesèsè pou abòde defi sa yo kòm sadwa epi investi yon 739 milyon dola konbine pou fè yon kantite amelyorasyon estriktirèl ak operasyonèl atravè kat kontra konstriksyon nan echanjè a.

Faz IV, faz final la ki te koute 366 milyon dola epi ki te finanse pa Eta a, asosye amelyorasyon ki te deja fèt pandan twa premye faz konstriksyon yo. Li te enstale senk nouvo pon epi ranplase sis pon ki egziste; vwa deplasman ak akotman elaji; amelyorasyon nan ranp antre ak soti yo pou amelyore sikilasyon; chanjman nan konfigirasyon vwa yo pou fizyon ak soti ki gen plis sekirite; amelyorasyon vizyon a distans; modènizasyon siyalizasyon; epi fè amelyorasyon nan ekleraj, drenaj, ak peyizaj.

Nan mwa oktòb 2021 an, Gouvènè Hochul [te anonse](#) etap enpòtan nan kad Faz IV la, ki gen ladann finisman nouvo ranp pou founi koneksyon ki pi fasil pou otomobilis yo k ap antre nan direksyon lwès Grand Central Parkway soti nan direksyon lwès Union Turnpike, pou moun ki soti nan lès Jackie Robinson Parkway nan Exit 8W pou ale Grand Central Parkway. Nan moman sa a, Faz IV la te ogmante tou longè fizyon an soti nan lès Jackie Robinson Parkway pou rive nan lwès Grand Central Parkway - ki te pèmèt yo retire yon siyal kanpe nan fen ranp lan - epi modènize sistèm drenaj yo.

Depi lè sa a, Faz IV te kontinye elimine yon pano arè ki soti Jackie Robinson Parkway rive nan direksyon lès Grand Central Parkway. Pwojè a te kreye yon liy akselerasyon sou ranp lan ki soti nan direksyon lwès Union Turnpike rive nan direksyon lwès Grand Central Parkway epi tou li te elimine yon pano arè kote de wout sa yo rankontre.

Pwojè a te amelyore koneksyon ranp lan a nivo ant Grand Central Parkway, Union Turnpike, Jackie Robinson Parkway, nan direksyon sid Van Wyck Expressway ak wout ki bay nan direksyon nò Van Wyck Expressway ak akotman ki gen lajè estanda, pou pèmèt operasyon pi an sekirite. Rekonstriksyon ranp ki gen yon sèl liy lan ki soti nan direksyon sid Van Wyck Expressway rive nan direksyon lwès Jackie Robinson Parkway te kreye yon liy ki gen lajè estanda ak akotman ki gen lajè estanda pou operasyon ki pi an sekirite.

Pwojè a te rekonstwi sistèm drenaj dlo tanpèt yo davantaj pou diminye inondasyon ki egziste deja sou wout la, espesyalman sou Grand Central Parkway, Union Turnpike ak Jackie Robinson Parkway.

Anplis de sa, pwojè a te abòde sekirite pyeton yo, li te kreye yon chemen pou itilizasyon pataje dedye ki bay aksè ak estasyon tren Kew Gardens-Union Turnpike la epi ki gen ladann aksè pou bisiklèt pou ale ak pou soti nan chemen bisiklèt ki egziste deja yo. Chemen dedye a elimine yon wout pou pyeton ki te deja fòse pyeton yo itilize twa travèse ki gen sikilasyon machin gwo vitès sibstansyèl.

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York kontinye rete yon lidè nasyonal, li fè avanse enfrastrikti enpòtan, ki montre kijan gwo envestisman sa yo nan transpò ede alimante ekonomi nou an ak leve kominote yo ak koneksyon ki fyab. Plizyè milye vwayajè, vwayajè ak chofè kamyon pase nan echanjè Kew Gardens lan chak jou pou yo rive nan destinasyon atravè Vil New York ak Long Island yo. Avèk pwojè milti-faz sa a ki finalman fini, nou ka asire yon sikilasyon moun ak machandiz ki pi an sekirite e ki pi efikas nan koridò vital sa a."

**Senatè Eta Joseph P. Addabbo Jr. te deklare,** "Finisman pwojè plizyè etap sa a pote yon nouvo enfrastrikti vwayaj sou wout enpòtan sa a. Echanjè Kew Gardens lan pral pèmèt pasaje yo gen pi bon aksè ak anpil pwen enterè ozalantou Queens enkli Ayewopò JFK. Lè yo rann wout sa yo pi fasil ak pi an sekirite pou vwayaje — pou chofè yo, siklis yo ak pyeton yo tou — sa pral benefisye vwayajè ki itilize wout sa yo chak jou ansanm ak moun k ap vwayaje nan vil nou an."

**Manm Asanble Andrew Hevesi te deklare,** "Enfrastrikti ki solid ak ajou se kolòn vètebral kominote nou yo. Sa a pral konekte moun yo atravè Queens, epi tou li pral fè vwayaj yo pi an sekirite pou plizyè milye chofè, siklis, ak moun k ap mache. Mwen pale pou tout vwazen nou yo lè mwen voye rekonesans nou bay DOT Eta a ak Gouvènè Hochul paske yo te gen vizyon ak mwayen pou reyalize gwo reyalizasyon sa a."

**Prezidan Minisipalite Queens lan, Donovan Richards Jr. te deklare,** "Renovasyon ki pote siksè nan Echanjè Kew Gardens lan, ki sitiye jis andeyò Meri Minisipalite Queens lan, se yon reyalizasyon enpòtan ak yon etap enpòtan nan presyon kontinyèl nou pou modènize enfrastrikti transpò Queens la. Chofè ak vwayajè ki vwayaje atravè echanjè a pou yo rive nan biwo mwen an ak lòt destinasyon atravè Queens pral kounye a fè eksperyans vwayaj ki pi an sekirite ak pi dous pandan y ap diminye anbouteyaj epi redwi tan vwayaj yo. Pwojè Echanjè Kew Gardens lan se yon reyalizasyon ki vitalman enpòtan pou rezo transpò awondisman an, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Transpò eta a Marie Therese Dominguez paske yo fè pwojè sa reyalize."

Nan tan pase, pwojè Faz I an ki te konplete a te gen ladan elajisman yon pati nan Van Wyck Expressway lan, epi reyabilite ranp sòti nan direksyon nò Van Wyck lan pou rive nan direksyon lwès Queens Boulevard, kat pon sou Van Wyck lan, Pon Van Wyck ki sou Main Street lan ak Pon Queens Boulevard ki sou Main Street. Pwojè sa te gen ladan tou konstwiksyon wout oksilyè yo sou alafwa direksyon nò ak direksyon sid Van Wyck ant Grand Central Parkway lan ak Main Street, epi li te bay yon liy sòti ki dedike nan direksyon sid Hillside Avenue.

Pwojè Faz II ki fini an, te konstwi yon nouvo vyadik ki pi laj nan direksyon nò Van Wyck Expressway, ki pote twa wout depلاسman kounye Faz III a fini an. An plis, li te ranplase ranp antre yon sèl wout lan ki konekte Jackie Robinson Parkway lan ak Union Turnpike avèk direksyon nò Van Wyck Expressway lan ak yon nouvo ranp ki gen de wout. Yo te enstale yon nouvo platfòm sou pati lès Pon Union Turnpike sou konektè ranp Grand Central Parkway, ak yon nouvo platfòm ak poutr pon annasye te enstale sou pon an kote Union Turnpike ak Jackie Robinson Parkway fè yonsèl.

Faz III a ki fini an, ranplase vyadik ki gen de liy ki deteryore ki egziste ki ale nan direksyon sid Van Wyck Expressway lan ki sou Grand Central Parkway la pa yon vyadik ki gen twa liy, epi konstwi nouvo sòti yo ki ale nan direksyon lwès Union Turnpike ak Jackie Robinson Parkway. Twa liy ki soti nan Van Wyck Expressway lan fizyone tou kounye a ak de liy ki soti nan Grand Central Parkway lan sou yon distans ki pi long.

Swiv DOT Eta New York nan Twitte: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT) ak [@NYS DOT New York City](https://twitter.com/NYS DOT New York City) | [@NYS DOT NYC](https://twitter.com/NYS DOT NYC) | [Twitter](https://twitter.com/NYS DOT NYC). Jwenn NYSDOT sou Facebook nan [facebook.com/NYS DOT](https://facebook.com/NYS DOT).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418